




## Rele Liy Èd GRATIS nou an pou w pale ak yon ekspè. 1-800-LUNGUSA





- Fenk dyagnostike oswa pran swen yon pasyan ki gen maladi nan poumon?
- Èske w ap eseye kite tabak?
- Ou enkyete sou risk ou genyen pou maladi nan poumon?


Pèsonèl sèvis aistans telefòn, konpatisan epi ki byen enfòmè nou yo ka pote soutyen ou bezwen ak repons w ap chèche yo.

### Kontakte nou

Disponib Lendi jiska Vandredi: 7 a.m. – 9 p.m. CST; Wikenn: 9 a.m. – 5 p.m. CST, eksepte nan jou ferye yo.

 Poze kesyon pa imèl nan [HelpLineInfo@Lung.org](mailto:HelpLineInfo@Lung.org).

 Vizite [lung.org/support-community/lung-helpline-and-tobacco-quitline](https://lung.org/support-community/lung-helpline-and-tobacco-quitline) - Tchat an dirèkoswa soumèt yon kesyon anliy.

 TTY pou moun ki pa tande byen 1-800-501-1068.

### Rezon pou Rele Liy èd pou Poumon an

#### 1. Ekspè nou yo gen repons.

Anplwaye Liy Èd nou an gen enfimyè, terapè respiratwa ak espesyalis ki sètifye ki gen eksperyans nan tretman tabak. Ou pral pale dirèkteman ak yon ekspè sou maladi poumon ou oswa kesyon sou kite fimèn oswa lòt pwodwi tabak.

#### 2. Konprann dyagnostik ou ak opsyon tretman ou.

Kit se dyagnostik ki fèk fèt pou maladi nan poumon oswa w ap fè fas ak yon maladi kwonik, nou ka ede jwenn repons sou sa ki vini apre yo, ki opsyon ou yo, e menm ba ou resous, referans ak sipò.

#### 3. Konnen risk ou yo.

Jwenn enfòmasyon ak èd sou kesyon ou yo sou fimèn/itilize tabak, radon, polisyon nan lè a, faktè risk jenetik pou maladi nan poumon, opresyon, COPD, kansè nan poumon ak plis ankò. Chèche konnen kijan pou diminye risk ou genyen pou maladi nan poumon.

#### 4. Li GRATIS.

Konsèy nou yo gratis, epi pa gen limit nan kantite ak dire apèl yo. Ou ka rele nou toutan sa nesèsè.